

PAPYE ENFÒMATIF SOU VAKSEN

Vaksen kont lagrip (anvi, entranazal) : Men kisa w sipoze konnen

Gen anpil Papye enfòmasyon sou vaksen ki ekri nan lang panyòl ak nan anpil lòt lang. Gade nan www.immunize.org/vis

Hojas de información sobre vacunas están disponibles en español y en muchos otros idiomas. Visite www.immunize.org/vis

1 Pouki pou vaksinen ?

Lagrip se yon maladi ki kontajye e ki pwopaje toupatou nan peyi Etazini chak lane, an jeneral ant mwa oktòb ak mwa me.

Se viris lagrip ki lakòz lagrip, e viris la pwopaje sitou nan touse, estènye epi nan vin pre moun ki gripe.

Tout moun kapab gripe. Lagrip kòmanse bridsoukou e li kapab dire plizyè jou. Sentòm li yo depann sou laj moun lan, men yo ka :

- lafyèv / frison
- malgòj
- doulè nan misk
- fatig
- touse
- tèt fèmal
- nen bouche oubyen nen k ap koule

Epitou lagrip kapab okazyonnen nemoni ak enfeksyon sangan, epi lakòz dyare ak kriz malkadi sou timoun. Si w gen yon maladi, tankou maladi kadyak osinon pilmonè, lagrip kapab fè li vin pi mal.

Pou sèten moun yon lagrip kapab yon pi gwo danje. Tibebe ak jèn timoun, moun ki gen swa 65 lane oubyen ki pi gran, fi ki ansent, ak moun ki gen sèten maladi osinon yon sistèm iminitè ki febli kapab gen pi gwo risk.

Gen chak lane **plizyè milye moun nan peyi Etazini mouri poutèt yo gripe**, e anpil lòt entènè lopital.

Vaksen kont lagrip kapab :

- anpeche w gripe,
- fè lagrip la pa si twò grav si w ta genyen l, epi
- l anpeche w pwopaje lagrip bay fanmi w ak lòt moun tou.

2 Vaksen kon lagrip anvi, atenye — LAIV, flit nazal

Li rekòmande pou pran yon dòz vaksen kont lagrip chak sezon grip. Timoun ki poko gen laj 9 lane kapab bezwen pou yo pran de (2) dòz nan menm sezon grip la. Tout lòt moun sèlman bezwen pran yon dòz nan chak sezon grip.

Vaksen kont lagrip anvi, atenye a (ki nan lang anglè se Live, Attenuated Influenza Vaccine osinon LAIV) ka administre bay moun ki byen pòtan, pa ansent e **ki nan laj ant 2 lane a 49 lane**. Li ka administre an sekirite nan menm lè avèk lòt vaksen.

LAIV flite nan twou nen. LAIV pa gen timewozal ak lòt prezèvatif ladan l. Li fèt avèk viris grip ki afebli e **li pa bay lagrip**.

Gen plizyè diferan viris grip, e yo toujou ap chanje. Gen yon nouvo vaksen LAIV ki fèt chak lane pou pwoteje moun kont kat viris ki gen chans pou yo lakòz maladi nan pwochen sezon grip la. Men menm lè vaksen an pa koresponn egzak ak viris sa yo, li ka toujou ofri kèk pwoteksyon.

Vaksen kont lagrip pa kapab anpeche :

- lagrip yon viris lakòz men ki pa kouvri pa vaksen an, oswa
- maladi ki sanble lagrip men ki pa lagrip.

L ap pran apeprè 15 jou pou pwoteksyon an kòmanse apre w fin pran vaksen an, e pwoteksyon an ap dire jouk nan sezon lagrip la.

3 Gen kèk moun ki pa sipoze pran vaksen sa a

Gen kèk moun ki pa fèt pou yo pran LAIV poutèt laj yo, sante yo, osinon pou lòt rezon. Depreferans, pifò nan moun sa yo ta dwe pran piki yon vaksen kont lagrip. Founisè swenyaj k ap swiv ou a kapab ede w pran yon desizyon.

Kite founisè swenyaj medikal la konnen si swa oumenm oswa moun k ap pran vaksen an :

- gen nenpòt ki alèji, tankou alèji ze, oubyen janm gen yon alèji yon vaksen kont lagrip.
- janm gen sendwòm Guillain-Barré (osinon se GBS).
- gen nenpòt ki pwoblèm sistèm nè, fwa, ren, respirasyon, osinon kadyak alontèm.
- gen lasm osinon pwoblèm respiratwa, osinon se yon timoun ki konn gen kriz ral.
- ki ansent.
- ki se yon timoun osinon yon adolesan k ap pran aspirin osinon pwodwi ki kontni aspirin.
- gen yon sistèm iminitè ki afebli.
- pral wè ak osinon pral okipe yon moun, nan pwochen 7 jou yo, ki egzije yon anviwònman ki pwoteje (pa egzanp : apre yon grèf mwèl zo)



Pafwa se pou LAIV la nan ta. Kite founisè swenyaj medikal la konnen si swa oumenm oswa moun k ap pran vaksen an :

- pa santi byen twò anfòm. Vaksen an kapab nan ta jouk tan ou rebran.
- te pran nenpòt lòk vaksen sou 4 dènye semèn yo. Li posib pou vaksen *anvi* ki bay nan peryòd tan twò pre youn ak lòt kapab pa aji byen pwòp.
- have taken influenza antiviral medication in the past 48 hours.
- gen gwo nen bouche.

4 Risk pou gen yon reyaksyon nan vaksen an

Avèk nenpòt ki medikaman, atout vaksen tou, kapab gen chans pou gen reyaksyon. Òdinèman yo lejè epi yo ale poukont yo, men reyaksyon grav kapab posib tou.

Pifo moun ki pran LAIV pa gen pyès pwoblèm avèk li. Reyaksyon nan LAIV kapab sanble sa yon grip ki trè lejè.

Pwoblèm ki te rapòte apre LAIV :

Timoun avèk adolesan ki gen ant 2 a 17 lane :

- nen ki koule / konjesyon nazal
- touse
- lafyè
- tèt fèmèl ak doulè nan misk
- ral
- doulè abdominal, vomisman, osinon dyare

Adilt ki gen ant 18 a 49 lane :

- nen ki koule / konjesyon nazal
- malgòj
- touse
- frison
- fatig / feblès
- tèt fèmèl

Men ki pwoblèm ki kapab genyen apre nenpòt ki vaksen :

- Nenpòt ki medikaman kapab lakòz gwo alèji, Reyaksyon sa yo nan vaksen se reyaksyon ki rive trè raman, sa estime pou l rive sou 1 nan yon milyon dòz, epi sa rive ant detwa minit a detwa èdtan apre administrasyon vaksen an.

Kou nenpòt ki medikaman, gen yon ti chans tou piti pou yon vaksen lakòz gwo domaj osinon pou li mòtèl.

Yo toujou ap siveye site vaksen yo. Pou plis ransèyman, gade nan : www.cdc.gov/vaccinesafety/

5 Men kisa pou m fè si gen yon reyaksyon grav ?

Kisa pou m siveye ?

- Siveye nenpòt kisa ki enkyete w, tankou siy yon gwo alèji, gwo lafyè, osinon konpòtman ki anòmal.

Siy yon gwo alèji kapab se itikè, anfleman figi ak gòj, difikilte pou respire, batman kè rapid, toudisman, ak feblès. Li posib pou yo kòmanse ant detwa minit oswa detwa èdtan apre administrasyon vaksen an.

Kisa m sipoze fè ?

- Si w kwè se yon gwo alèji osinon lòt ijans ki pa kapab tann, alò rele nimewo 9-1-1 epi mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele doktè k ap swiv ou a.
- Se pou fè rapò sou reyaksyon yo bay Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS). Se pou doktè k ap swiv ou a klase rapò sa a, osinon ou ka fè l oumenm sou sit entènèt VAERS www.vaers.hhs.gov, osinon rele nan nimewo **1-800-822-7967**.

VAERS pa founi konsèy medikal.

6 National Vaccine Injury Compensation Program

National Vaccine Injury Compensation Program (Pwogram nasyonal pou konpansasyon poutèt domaj nan vaksen osinon VICP) se yon pwogram federal ki te òganize pou konpanse moun ki te domaje poutèt kèk vaksen.

Moun ki kwè yo te domaje poutèt yon vaksen kapab gen enfòmasyon sou pwogram lan ak sou kijan pou yo klase yon reklamasyon depi yo rele nan nimewo **1-800-338-2382** osinon gade nan sit entènèt VICP a nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation. Konnen gen yon limit tan pou klase yon reklamasyon pou konpansasyon.

7 Kijan m kapab gen plis ransèyman ?

- Mande founisè swenyaj k ap swiv ou a. Li ka ba w pwospèktis anbalaj vaksen an osinon sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante piblik lokal osinon leta a.
- Rele Centers for Disease Control and Prevention (CDC) :
 - Nan telefòn nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** osinon
 - Gade sit entènèt CDC a nan www.cdc.gov/flu

Papye enfòmatif sou vaksen

VIS

Vaksen atenye anvi kont lagrip

08/07/2015

Live attenuated Influenza vaccine

Haitian Creole

Seksyon rezève pou biwo a



42 U.S.C. § 300aa-26